Амондгун æма зæрдрохс уотæ, нæ хъæзар силгоймæгтæ!..



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№8 (928) 2024 анзи 7 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## АХСГИАГДЗИЙНАДÆ



### РАЗÆНГАРДГÆНÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ НИСАНТÆ

Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путин** 29 феврали радзубанди кодта Федералон Æмбурдмæ æ Нистауæни хæццæ. Е иссæй закъонаразгутæмæ Президенти нæудæсæймаг Нистауæн. Айдагъдæр 2017 æма 2022 æнзти еци мадзал арæзт не 'рцудæй – уæди уавæртæмæ гæсгæ. Нури Нистауæн банимайæн ес Уæрæсей Президент æвзурстити агъоммæ Владимир Путини программæбæл.

Æ радзубанди рахаста дууæ сахаттемæй минкъий фулдæр. Æма си ци фарстати фæдбæл дзурдта, етæ еугурæйдæр æнцæ баст нæ паддзахади райрæзти стратегион нисанти хæццæ. Æма уой фæдбæл Нистауæни ци гъудитæ æма фæндитæ загъд æрцудæй, етæ еугурæйдæр разæнгардгæнæг æнцæ, нæ цардарæзти исонибон зæрдæмæдзæугæдæр ке уодзæнæй, уомæн нифсдæттæг. Сæйрагдæр ба е æй, æма еци нисантæн сæ еугурейдæр æнтæстгинæй исæнхæст кæнунæн нæмæ ес фагæ гъæугæ равгитæ æма гæнæнтæ, æцæг нæ гъæуй еумæйагæй æма еузæрдиуонæй уонæй хæдзардзинæй испайда кæнун.

Владимир Путин æ Нистауæни ци аллихузон фарстати туххæй радзурдта, уонæй цалдæрей фæдбæл æрмæг мухур кæнæн нæ газети абони номери (2-3-аг фæрстæбæл). Фæстæдæр ма нæмæ мухургонд цæудзæнæнцæ аллихузон æрмæгутæ.

## НÆ УОДВАРНИ ХÆЗНАТИ АЛÆМÆТДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛТАУ ХЪÆЗАУАТГÆНГУТÆ




Нæ номдзуд поэт ГУРДЖИБЕТИ Блашкайæн Мæздæги райони Мусгъæуи æ райгурæн хæдзари тургъи ци циртдзæвæн æвæрд æй, уой рази ист æй ДЗАГУРТИ Дани къарæ.

**Номдзуд испайнаг финсæг, Нобели премий лауреат Мигель де Унамо уæхæн гъуди загъта: «Кæд сæ адæмихатти дини, æвзаги æма Фидибæсти гъуддæгутæ не 'ндавунцæ, уæд ма мадта цæбæл хуæст адтæнцæ еугур рæстæгути æма еугур адæмти поэттæ? Кæд аци сагъæстæй нæ цæрунцæ гъуди æма монцтæ, уæд ма цæмæй?..»**

**Аци курухон гъудий фæдбæл уой зæгъуйнаг ан, æма нæ Хуцау фæххайгин кодта уæхæн хуарздзийнадæй – нæ национ финсгутæн нæ маддæлон æвзаг дæр æма нæ уодварни иннæ хæзнадзийнæдтæ табуйаг кæмæн æнцæ, уодуæлдайæй хъазауат кæнунцæ сæ сæрбæлтау. Еума хуарздзийнадæ ба е æй, æма нæмæ ес, сæ фæллæнттæ кæмидæр евгъуд рæстæгути цæмæй ма батар уонцæ, фал фæлтæрæй-фæлтæрмæ тухгинæй-тухгиндæр ке фæрци кæнонцæ, уæхæн бундартæ. Уонæй еу æй Дзагурти Валодий кизгæ Данæ (æ литературон фæсномуг æй Дигорхан – уотæ ин худтонцæ æ рохсаггаг мадæ, Тауасити Сослани кизгæ Нини, искурдиадæгин æма адæмæн уарзон дохтири). Данæн аци къарæ хумæтæги нæ мухур кæнæн – е æцæгæй æй, Гурджибети Блашкай æма иннæ номдзуд финсгути фарнæхæссæг гъуддаг абони идарддæр ка æнхæст кæнуй, уонæй. Цæйбæрцæбæл ин æнтæсуй, уомæн ба уæхуæдтæ уотæ æвдесæн – нæ газети абони 4-аг æма 6-аг фæрстæбæл мухур кæнæн æхе туххæй æрмæг, уæдта æ финст æмдзæвгитæ.**

## БÆРÆГБОН



ГАДАТИ Лазæри конд скульптурæ.

### НÆ ЦАРДГЪОНДЗИЙНАДÆ АРАЗГУТÆ НИН ÆНЦÆ!..

Силгоймæгти цитгин бæрæгбони фæдбæл нæ дзубанди райдайун фæндуй мæнæ ауæхæн хабарæй.

... Америкаг финсæг Натаниэл Хоторнæн æ еузæрдиуон цардæмбал София ку нæ адтайдæ, уæд, æвæдзи, дуйней литератури номдзуддæр адæймæгути фарсмæ æ ном нæ фæззиндтайдæ.

Еууæхæни Натаниэл сæхемæ 'рбацудæй нифссастæй, иуонгуагъд æма сæргубурæй. Еци зæрдристæй æ усæн загъта, мæ кустæй мæ ратардтонцæ, зæгъгæ. Косгæ ба кодта илцийесæни.

– Хъæбæр хуарз, – игъæлдзæгæй загъта усæ. – Нур дин заманай фадуат фæцæй дæ киунугæ ниффинсунæн!

– Куд нæ! – мæтъæлæй загъта Натаниэл.– Æма цалинмæ киунугæ финсæн, уæдмæ ба цæмæй цæрдзинан?

Уотæ куддæр загъта, утемæй... Лæг десæй рамардæй, София скъаппи лагъз ку раласта æма си æхцати устур цъæпæра ку исиста, уæд.

– Кæцæй дæмæ 'рбахаудтæнцæ атæ?! – æ фурдесæй фæгъгъæр ласта Натаниэл.

– Устур искурдиади хецау ке дæ, уой алкæддæр зудтон, – загъта усæ. – Федарæй ми æруагæс кодта, еууæхæни адæмæн æмбесонди киунугæ ке ниффинсдзæнæ, е. Гъема мæмæ ци мизд лæвардтай, уомæн æ еу хай мæ рæбун æвардтон. Аци æхца нин анзи фагæ уодзæнæнцæ.

Æма зундгин, уарзон силгоймаги фæрци америкаг литератури фæззиндтæй роман «Сурх дамугъа», æ ниффинсæг Натаниэл Хортони ном ба хаст æрцудæй дуйней зингæдæр финсгути номхигъдмæ.

Аци хабар æримисгæй уой зæгъуйнаг ан, æма силгоймаги зунд æма рæстмæ лæдæрди фæрци дуйней берæ алæмæти арфиаг гъуддæгутæ арæзт цæуй. Сæ еци хуарздзийнадæ син лæдæрæн, боз дæр æма ихæсгин дæр си ан, æма бабæй абони боц кæнæн нæ хъæзар силгоймæгти, цитгин сæ кæнæн нæ арфитæ æма лæвæрттæй.

Уой фæдбæл æнцæ нæ газети абони мухургонд æрмæгутæ дæр.

***Зундгонд куд æй, уотемæй аци бæнтти сахар Сочий федералон ахурадон центр «Сириус»-и æ куст кæнуй фæсевæди Еугурдуйнеуон фестиваль. Иннæ уæрæсейаг регионтæ æма берæ фæсарæйнаг делегацити хæццæ си Цæгат æма Хонсар Иристонæй ка архайуй, уони хæццæ æрæги, форуми кадгин иуазæг уогæй,***

# «ÆНТÆСТГИНÆЙ РАЗМÆЦУДÆН НÆМÆ ЕС ЕУГУР РАВГИТÆ ДÆР,

## ФÆРÆЗНИТИ ТУХХÆЙ

Владимир Путини хатдзæгмæ гæсгæ, гъæуама кæлæдздзаг хæдзæрттæй цæргути нæуæг фатертæмæ раййевуни нæуæг программæ царди рауадзонцæ. Дзæхæрадæнтти æмбалæдти цæргути бахæсдзæнæнцæ хæдзæрттæмæ социалон æгъдауæй газ уадзуни программæмæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, гъæуама хъалонти уæзæ æрæнцайа, фулдæр æма устурдæр æфтуйæгтæ ка есуй, уонæбæл, гъома, гъæздугутæбæл.

Тагъд, гъома, 2025 анзи æ тухи бацæудзæнæй программæ «Культури гъæуккаг косæг», уомæ гæсгæ гъæумæ кустмæ æрцæуæг адæймаг райса еухаттон феддон – 1 миллион соми. Нæуæг регионти ба – 2 миллион соми. Уæлдæр ахургæнæндæнтти гъæуама фæффулдæр уа фундаменталон дисциплинитæ амонæг ахургæнгути мизд. Мадта 2030 анзмæ мизди тæккæ минкъийдæр бæрцæ исуодзæнæй 35 мин соми.

## ДУЙНЕУОН ТЕРРОРИЗМИ НИХМÆ ТОХ

Владимир Путин æ нистауæни искодта ахсгиаг æма ахедгæ хатдзæгтæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, Уæрæсе æрлæудтæй дуйнеуон терроризми нихмæ, ци тухстдзийнæдтæ исæвзурдæй, уони сæрти нæ бон бахезун бауодзæнæй. «Севастополи æма Донбасси бæгъатæртæ æвзурун кæнунцæ сæрустурдзийнадæ. Куддæр сæрмагонд æфсæддон операци райдæдта, уотæ нæ адæм равдистонцæ сæ рахаст, нæ рази ’рбалæудтæнцæ», – загъта Президент.

Нæ бæстæ гъæуама идарддæр архайа демократий институтти ирæзтбæл, нæ гъуддæгутæмæ гъæуама маке ниххела. Президент куд фæббæрæг кодта, уотемæй нин колониалон нигулæн нæ ирæзт урамуй. «Иннæ бæстити хæццæ, дуйней регионти, зæгъæн, Украини хæццæ цитæ исаразтонцæ, уой сæ фæндуй мах хæццæ дæр искæнун. Мах гъæуама нæ хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнæн сабур царди дæр æма фронти дæр. Уæрæсе кæддæриддæр æ зæрдæбæл дардзæнæй ка фæммард æй, еци бæгъатæрти.

Нæ гæрзефтонг тухтæмæ фæззиндтæй устур фæлтæрддзийнадæ, уинæн æй, кæми ци раййевун гъæуй, уой. Еци куст цæуй фронти дæр æма къилдуни дæр. Мах фæндуй сæрмагонд æфсæддон операци рахецæн кæнун, еугур фарстатæ дæр ралух кæнун, нацизмæн кæрон исæвæрун, нæ граждæнти ædaсдзийнадæ багъæуай кæнун. Уæрæсей ядерон стратегион тохæнгарз ес цæттæдзийнади фæтки.



**Владимир Путин аци анзи райдайæни Санкт-Петербурги паддзахадон техникон университети фембалдæй сæрмагонд æфсæддон операций архайæг студентти хæццæ.**

Кадæртæ дзорунцæ, гъома, Уæрæсе гъавуй æ ядерон гæрзтæ космоси райвæрун, фал е айдагъдæр дзубанди æй. Цæмæй нæ бадзубандимæ рахононцæ, уомæн фадуæттæ аразунцæ, е ба хауй Америки Еугонд Штаттæмæ. Мах, 2008 анзи рахастан космоси ядерон гæрзтæ райвæруни нихмæ проект, Америки Еугонд Штаттæ æ нихмæ фæцæнцæ, æвдесунцæ, нурмæ дæр дуйнейæн разамунд ке дæттунцæ, уой.

Уæрæсе Европæмæ бампурсунмæ ке гъавуй, уой туххæй сæнттæ цæгъдунцæ. Сæхуæдтæ ба нæ фæзуæттæбæл агорунцæ нисантæ, цæмæй сæбæл гæлдзонцæ рæмодзæнтæ. Æнæ тухгин Уæрæсейæй дуйней сабур цардæн уæн нæййес. Хъæбæр берæ экономикон æма æндæр гæрæнтæ æвзарæн», – загъта Владимир Путин.

## КАДРТИ БАЗÆ

Уæрæсей ирæзуй устур æригон фæлтæр. 2030 анзи нæ бæсти уодзæнæй, 20-24 анзи кæбæл цæудзæнæй, уæхæн 8,3 миллион граждæни. Е æй, раздæри æнзти демографий ирæзтæн ци мадзæлттæ исаразтан, уони фæстеуæг. Нæ нисан – цæмæй еци ирæзгæ фæлтæрæй сæ равзурст дæсниæдти профессионалтæ рауайа. Уомæ арæзт æй нæуæг национ проект «Кадртæ». Гъæуй скъолай уæлдæр ахурадон уагæдони хæццæ бастдзийнæдтæ федар кæнун. Еугур скъолати дæр цæуй профориентацион куст. Сувæллæнттæн æхсæзæймаг къласæй уæлæмæ сæ бон æй еугур дæсниæдти хæццæ дæр базонгæ ун.

2020 анзæй фæстæмæ мизди тæккæ минкъийдæр бæрцæ исирæзтæй 1,5 хатти, 2030 анзмæ ба гъæуама исхъæрта 35 мин сомемæ. Е ба, æнæмæнгæ, фæззиндзæнæй социалон феддонтæ æма бюджетон къабæзти миздбæл.

Уæрæсе æй Европи агъазиаудæр экономикæ æлхæнуни гъомусадæмæ гæсгæ, фæндзæймаг ба – дуйней. Куд ирæзуй, е нин нифс дæттуй, хæстæгдæр рæстæги ма мах размæ еу ампъез ке ракæндзинан – дуйней еугуремæй агъазиаудæр экономикити фиццаг цуппар рæнгъеми ке ’рлæудзинан. Е ба, æнæмæнгæ, фæззиндзæнæй алли бийнонти æфтуйæгти ирæзтбæл.

## СКЪОЛАТÆ ÆМА АХУРГÆНГУТÆН АГЪАЗИ ТУХХÆЙ

2024 анзи 1 октябри скъолатæ æма колледжти директорти унаффæгæнгутæ гъомбæладон фарстати уæлæнхасæн есдзæнæнцæ фæйнæ 5 мин соми.

100 мин адæймагемæй минкъийдæр цæргутæ кæми ес, еци цæрæн бунæтти мартъийæй фæстæмæ дууæ хатти фæффулдæр уодзæнæнцæ къласон разамунд æма кураторади туххæй – 10 миней бæрцæ.

Путин байхæс кодта регионти бюджетон къабæзти косгути мизд исæмхузон кæнун. Пилотон проектти фæлгæти бакосдзæнæнцæ мизд федуни нæуæг хузæбæл хецæн субъектти, 2026 анзи ба – еугур бæсти.

Еумæйаг паддзахадон фæлварæн фæххуæздæр кæнунбæл косун гъæуй. Рауагъдон фæлварæн ку нæ ратта, уæд ин æхе фæндæмæ гæсгæ гъæуама барæ уа равзурст предметæй нæуæгæй Еумæйаг падзахадон фæлварæн уæлдæр ахурадон уагæдæнттæмæ есæн кампаний кæронмæ æ гæгъæдитæ раттунæн. Радех кæнун гъæуй 9 миллиард сомемæй уæлæмæ педагогон ахурадон уагæдæнтти инфраструктурæ иснæуæг кæнунæн. Корун хецауадæй 2025 анзи бюджетон къабази косгутæн мизд федуни нæуæг хузæбæл бакосун, 2026 анзи ба аци фарста ралух кæнун æнæгъæнæ бæстæн дæр.

Бюджетон къабази мизд федуни системæбæл гъæуй бакосун. Рæстæмбес мизди бæрцæ регионти фæйнæхузи æй. Уой хæццæ дохтир æма ахургæнæги куст алкæмæн дæр æмхузон бæрнон æй.

Седун уæмæ фæсевæдон политики хуæздæр фæлтæрддзийнадæ байеу кæнун æма аци анз нæуæг национ проект «Уæрæсей фæсевæд» исаразун, е уодзæнæй нæ бæсти федæни проект.

Устур сахартæ ирæзунцæ. Ахурадон уагæдæнтти бунæттæ кæми нæ фагæ кæнуй, еци сахарти ма уæлæнхасæн исараздзинан тæккæ минкъийдæр 150 скъолай æма 100 рæвдауæндонемæй фулдæр.

Иннæ анзæй фæстæмæ бавналдзинан рæвдауæндæнттæ цалцæг кæнуни программæмæ. Скъолатæбæл ку дзорæн, уæд 2030 анзмæ аци фарста ралух кæнунмæ регионтæн фæййагъаз кæндзинан.

## ВЛАДИМИР ПУТИН Æ ФÆДЗÆХСТОН РАДЗУБАНДИЙ КУД ФЕГЪОСУН КОДТА, УОТЕМÆЙ УÆРÆСЕЙ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУДЗÆНÆНЦÆ ФОНДЗ НÆУÆГ НАЦИОН ПРОЕКТИ

**«БИЙНОНТÆ»**
Æ нисан: сувæллонгин бийнонти царди хуæрзгъæдæдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнун, игурунади гъуддагбæл ауодун.




**«ДÆРГЪВÆТИЙНÆ ÆМА РАЗÆНГАРДДÆРГОНД ЦАРД»**
Æ нисан: æнæнез царди дæргъвæтиндзийнади ирæзт, аккаг зæрондибонтæ хестæр кари адæмæн.




**«УÆРÆСЕЙ ФÆСЕВÆД»**
Æ нисан: ирæзгæ фæлтæри цардгъондзийнадæ бæрзонддæр кæнун, зундамонгутæ æма ахургæнгутæбæл ауодун.




**«КАДРТÆ»**
Æ нисан: хуæрзарæхстгин специалисттæ ахур æма цæттæ кæнун.




**«БÆРÆГГÆНÆНТИ ЭКОНОМИКÆ»**
Æ нисан: экономики æма социалон тумбулæги еугур ахедгæдæр къабæзти дæр нимæдзон платформитæ исаразун.




**Не ’мзæнхон номдзуд æфсæддон, æртæ тугъдеми архайæг, инæлар-лейтенант Терентьев Василий Григорийи фурти райгурдбæл 3 мартъий исæнхæст æй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1899-1957).**

***фембалдæй нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло. Æма æ радзубандий син зæрдиагæй райарфæ кодта: «Æхцæуæн мин æй, фестивали еугур мадзæлтти дæр æнтæстгинæй ке архайетæ, уæ зонундзийнæдтæ æма арæхстдзийнæдтæ ирдæй ке æвдесетæ, е...»***

# ÆМА СИ ГЪÆУАМА ХÆДЗАРДЗИНÆЙ ИСПАЙДА КÆНÆН!..»



**Владимир Путин 2024 анзи 1 феврали сувæллæнтти æма фæсевæди Уæрæсейаг æзмæлд «Фиццæгти æзмæлд»-и съезди, Уæрæсей Гимн заруни рæстæг.**

Скъолатæ æма рæвдауæндæнтти капиталон цалцæгæн радех кæндзинан уæлæнхасæн 400 миллиард сомемæй фулдæр.

Нæ къохи бафтудæй карз ниуæзтæ фæнниллæгдæр кæнун, е ба хуарзæрдæмæ зиннуй нæ наций æнæнездзийнæдæбæл. Гъæуй федералон фæрæзнити фæрци регионти исаразун 350 спортивон объекти. Уæлæнхасæн уой туххæй æхсæз анзей дæргъи федералон бюджетæй радех кæндзинан 65 миллиард сомей бæрцæ. Скъолатæ, рæвдауæндæнттæ æма уæлдæр ахурадон уагæдæнтти гъæуама уа гъæугæ уавæртæ спорти хузтæй архайунæн.

## АДÆЙМАГИ ЦÆРУНИ КАРÆ

2030 анзмæ адæймаги цæруни карæ гъæуама уа 78 анзи. Уæлдай æргом раздахун гъæуй гъæуккаг регионтæмæ. Еци нисан цæмæй æнхæстгонд æрцæуа, уомæ арæзт æй национ проект «Дæргъвæтийнæ сæрæн цард».

Арфæ ракæнун мæ фæндуй, рацæргæ æма сахъат адæмæн ка агъаз кæнуй, еци организацитæн. Æз куд гъуди кæнун, уотемæй 2030 анзмæ уонæмæ цæстдарæг системæн фулдæр фæрæзнитæ радех кæнун гъæуй, цæмæй фæккæсун гъæуагæ граждæнтæн гъæугæ агъаз лæвæрд цæуа.

Нийиерæги капитал еудазуг индексацигонд цæуй. Фæдзæхсун уин аци программæ тæккæ минкъийдæр 2030 анзмæ раидарддæр кæнун.

Æртиккаг – Уæрæсей æртæ миллионемæй фулдæр ес, æртæ æма уомæй фулдæр сабийтæ кæми ирæзуй, уæхæн бийнонтæ. Уæхæн бийнонтæ нæ сæрустурдзийнадæ ’нцæ. 2018 анзæй фæстæмæ берæсувæллонгин бийнонти нимæдзæ исирæзтæй 26,8 проценти.

Нуртæккæ æртиккаг сувæллони райгурди фæсте ипотекон кредити æртиккаг хай, 450 мин соми, æхгæд æрцæуй. Фæдзæхсун еци мадзал дæр 2030 анзи уæнгæ раидарддæр кæнун, уой туххæй нæмæ æхца ес.

Бийнонти ипотеки программæ косдзæнæй июльмæ. Фæдзæхсун æй 2030 анзи уæнгæ раидарддæр кæнун.

Фарæ Уæрæсей арæзт æрцудæй 110 миллион квадратон метри цæрæнуæттæ. Миллионгай адæймæгутæ сæ цæрæнуæтти уавæртæ фæххуæздæр кодтонцæ.

Уæрæсей регионтæ федералон программитæй уæлдай уæлæнхасæн уæхæн бийнонтæн сæхе агъази мадзæлттæ дæр аразунцæ.

Уæлæнхасæн агъаз раттун гъæуй, Уæрæсей рæстæмбес нимадæй сувæллæнттæ минкъийдæр кæми игуруй, еци регионтæн – етæ ба ’нцæ 39 субъекти. Æхцай фæрæзнитæ син дæттун райдайдзинан иннæ анзæй фæстæмæ.

## НАЦИОН ПРОЕКТ «БИЙНОНТÆ»

Аци рауæн мæ дзубанди райдайдзæнæн, ахсгиагдæр нæмæ ци фарстатæ ’нцæ, уонæн сæ еуемæй – берæсувæллонгин бийнонтæн се ’фтуйæггæгтæ минкъий ке ’нцæ, уомæй...

Евгъуд анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, бустæги мæгур цард ка кодта, еци адæми нимæдзæ фæнниллæгдæр æй, нуртæккæ ’нцæ 13 миллион адæймаги. Фал е дæр минкъий нимæдзæ нæй. Аци фарстамæ еудадзугдæр нæ цæстæ дарæн. 2023 анзи 1 январæй федаргонд æрцудæй аллимæйон бафист. Евгъуд анзæй æй истонцæ 11 миллион адæймагемæй фулдæр. Фæххумæтæгдæр кодтан социалон бадзурд бафинсуни уагæвæрдтæ, æма, æ райсун къохи æнцондæрæй цæмæй æфтуйа, уобæл архайдзинан. Гъуддаг домуй фулдæр хæрзтæ – еу 100 миллиард сомей бæрцæ, æма уомæн æхца ес.

Мæгурдзийнади фарста раздæри хузæн æй карз. Нуртæккæ е тухсун кæнуй бийнонти 9 проценти, берæсувæллонгин бийнонти ’хсæн ба мæгурдзийнади æмвæзадæ ’й 30 проценти. Байархайун гъæуй уобæл, цæмæй 2020 анзмæ еци æмвæзадæ фæнниллæгдæр уа æма æрхауа 7 процентемæ, берæсувæллонгин бийнонти ’хсæн ба – 12 процентемæ. Аци къабази ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæн сæ пайда гъæуама уа хъæбæр бæрæг, æма е æй сæйраг.

Демографибæл ахедунцæ айдагъ экономикæ æма социалон къабазæ нæ, фал хецаудзийнади еугур оргæнти еумæйаг куст дæр. Сувæллонгин бийнонтæн агъаз кæнун – уомæй ахсгиагдæр гъуддаг паддзахадæн нæййес. Нæ адæмæн се ’ргом гъæуама раздахæн берæ цæуæт кæнунмæ æма сæ алли фарстатæ лух кæнунмæ дæр сæ фарсмæ гъæуама балæууæн. Сувæллæнттæ нæмæ фулдæр куд игура, еци гъуддаг нæ къохи гъæуама бафтуйа хæстæгдæр æхсæз анземæ. Æма еци нисантæн еугур мадзæлттæ дæр араздзинан.

Равдист «Уæрæсе»-й æ цуд райдæдта бийнонти Анз. Бийнонти сæйраг нисан – цæуæт кæнун, сувæллæнтти гъомбæл кæнун, еу фæлтæр инней куд æййева, уомæн агъаз кæнун. Уæрæсей алкæддæр федар адтæнцæ æма идарддæр дæр федар уодзæнæнцæ фæткон хæзнатæ, уони бундорбæл арæзт цæуй адæми цард æма сæ федæн. Æма аци рауæн нæ фарсмæ ’нцæ æма еци гъудибæл хуæст æнцæ миллионгай адæймæгутæ.

## ÆДАСДЗИЙНАДИ НÆУÆГ МАДЗÆЛТТÆ

Æнæ федар æма хуæдбарæ Уæрæсейæй дуйней нæ уодзæнæй нæдæр сабурдзийнадæ, нæдæр нивæбæлдзийнадæ. Америки Еугонд Штатти архайдæй ихæлд æрцудæй европаг æдасдзийнади системæ. Расизми аци идеологи, æз дæуæй хуæздæр дæн, зæгъгæ, уæдта, Уæрæсемæ æнæуинондзийнадæ ба Америки бахъæрæу кодта. Æ контингенттæ нин нæ зæнхитæмæ ка æрвиста, уони карнæ иронх нæма ’й. Фал нæмæ нур ка бандеуа, уонæн сæ фæстеугутæ уодзæнæнцæ никки кæуйнагдæр æма сагъæссагдæр. Сæ нисантæ син ка фехала, уæхæн тохæнгарз нæмæ ес.

Хæстæг Скæсæни, дуйней иннæ рауæни дæр тугъдон буцæутæ ракъахæг, адæмæн мæнгæ дзубандитæгæнæг æй Нигулæн, æма имæ æргом раздахун гъæуй. Гадзирахаттæй цæун нæбæл ке гъавуй, уой лæдæрæн, уомæ гæсгæ гъæуй æфсæддон-промышленнон комплекс парахат кæнун, Уæрæсей наукон æма промышленнон гъомусадæ фулдæр кæнун, аккаг нихкъуæрд раттунмæ хъæбæр цæттæ ка уа, уæхæн Гæрзефтонг тухтæ исаразун, æфсад æма флот алцæмæй дæр хуæрзцæттæ куд уонцæ, уобæл бакосун.

Стратегион фарстати фæдбæл Америки Еугонд Штатти хæццæ дзубанди кæнунмæ Уæрæсе æй цæттæ. Фал гъуддаг уой медæгæ æй, æма сæ, еуæрдигæй нæ хæццæ дзубанди кæнун фæндуй, иннердигæй ба нæбæл стратегион æгъдауæй тугъди будури фæууæлахез уонцæ, еци фæндитæ уæддæр нæ уадзунцæ.

2018 анзи нистауæни тохæнгæрзти туххæй ке загътон æма ци пълан кодтан, етæ нуриуæнгæ къохи бафтудæнцæ, еуæй-еу рауæн ба куститæ кæронмæ фæхъхъæртунцæ. Уотæ, комплекс «Кинжал»-æй абони пайдагонд цæуй сæрмагонд æфсæддон операций, «Циркон» дæр æрлæудтæй тугъдон тохæнгæрзти рæнгъити. Тугъдон кезу хæссунцæ, хъæбæр хуарз бæрæггæнæнтæ ка равдиста, еци комплекстæ: «Авангард», «Пересвет» æма «Сармат». Хæстæг рæстæги е дæр æхе равдесдзæнæй.

Тугъд Донбасси мах нæ райдæдтан. Нæ Гæрзефтонг тухтæн сæ хъауритæ фæффулдæр æнцæ цалдæр хатти. Нæ бæгъатæр æфсæддонтæ разæнгардæй цæунцæ размæ æма знагæй есунцæ нæуæг æма нæуæг зæнхитæ. Не ’фсæддонтæмæ фæззиндтæй æгæрон устур тугъдон фæлтæрддзийнадæ. Тугъдон цаути бахсистæнцæ дæсни командæгæнгути нæуæг фæлтæртæ. Ке зæгъун æй гъæуй, нерæнгæ ма нæмæ ес фарстатæ дæр, уинæн сæ, æма сæбæл идарддæр куд архайгæ ’й, уой зонæн. Нæ бæсти хуæдбарæдзийнадæбæл, æ сæребарæбæл, нæ еудзийнадæбæл абони тугъди будури бæгъатæрæй ка тох кæнуй, етæ ’нцæ æцæг хъайтартæ æма син арфæ кæнун сæ еугуремæн дæр. Абони не ’хсæн ка нæбал æй, бæгъатæрæй ка фæммард æй, уони рохс нæмттæ ба лæугæй иссерæн.

Нигулæйнаг бæститæ архайунцæ Уæрæсейæн æ размæцуди надбæл цæлхдортæ æвæрунбæл. Тухгин Уæрæсе сæ нæ гъæуй, фал, цард кæми баминæг æй, уæхæн игон æма бæгънæг зæнхитæ, æндæр бæстити син куд бантæстæй, уотæ. Фал Уæрæсей хæццæ е сæ къохи некæд бафтуйдзæнæй.

## НÆ ХЪАУРÆ – НÆ ЕУДЗИЙНАДИ

Уæрæсей политикон системæ æй нæ бæсти хуæдбарæдзийнади астæуккаг цæгиндзитæй еу, æма демократий институттæ парахат кæнунбæл идарддæр дæр косдзинан. Нæ гъуддæгутæмæ ниххелуни барæ некæмæн ратдзинан.

Нуртæккæ акъоппити ка ’й, тугъди будури знаги хæццæ ка тохуй, нæ еци бæгъатæртæ зонунцæ, еугур Уæрæсе дæр сæ хæццæ ке æй, уой. Аккаг аргъ кæнун «Фидибæстæ гъæуайгæнгути» фондæн æма хецаудзийнади оргæнтæй корæг дæн, цæмæй нæ бæгъатæрти бийнонтæн уа еудадзуг агъаз.

Кустуæтти нæ фæллойнæгæнгутæ косунцæ æртигай кезуйæй, фронт цæйбæрцæ домуй, уойбæрцæ. Арфæ кæнун уонæн дæр, гъæууон хæдзаради косгутæн дæр. Адæм фронтмæ ’рветунцæ финстæгутæ, дзаумау, æхца, се ’фтуйаг уотæ берæ кæд нæй, уæддæр. Уæхæн агъазæн аргъ нæййес. Е æй нæ еумæйаг уæлахезмæ байвæрæн. Нæ тухтæ ку байеу кæнæн, уæд алцидæр нæ къохи бафтуйдзæнæй.



**Владимир Путин 2024 анзи 15 феврали Нижний Тагили Уралвагонзаводи косгути хæццæ фембæлди рæстæг.**

**Не ’мзæнхон æхсаргин тæхæг, Устур Фидибæстон тугъди хъазауатон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Бунимович Юрий Эммануили фурти райгурдбæл 13 мартъий æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1944).**

***ГÆДИАТИ Секъа (1855-1915), финсæг: «Тæходуй, фидтæлти æвзагæй æ гъудитæ ка зонуй гъарун, кæмæн цæунцæ радæй, зæлдаги хузæн, æ цъухæй æ дзурдтæ, æ зарун...» Уæхæн ацъагъуæй хайгин ка фæууй, уони архайд ба алкæмæндæр лæдæрд æма зæрдтагон исуй: «Æ дзубандимæ игъуста сау гъæдбуни сирд...»***



# ИГУРУЙ МА ДИГОРИ ПОЭТТÆ...



**СКЪОДТАТИ Эльбрус,**
журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор

Адæймаг кусти сæргъи ку æрлæууй, уæд айдагъ æхе абони архайди мæтæ нæ фæккæнуй, фал ма исонибони, федæни мæтæ дæр. Æвæдæй нæ Хуцау бахезæд! Мах æхсицгæ гъæуй искурдиадæгин фæсевæд, дигорон æвзаг æма литературæ багъæуай кæнуни ихæс ка райса æхемæ исонибони, уæхæн лæхъуæнтæ æма кизгуттæ. Уомæ гæсгæ ба, хъæбæр бацийнæ кодтан, æрæги нæуæг финсæг – Дзагурти Дани æмдзæвгитæ ку байаргъудтан, уæд. Æруагæс кæнун ми байдæдта: уодзæнæй ма нæ Дигори поэттæ, игурдзæнæй ма нæмæ искурдиадæгин фæсевæд!

Нæуæг финсæг исхонунмæ дæр æй æвзаг æнхæст нæ хатуй, уойбæрцæбæл æнхæст æнцæ аллихузи поэтикон мадзалæй Дани æмдзæвгитæ, фал мин куд балæдæрун кодтонцæ, уомæ гæсгæ еци уадзевдзитæ æцæгæйдæр æ фиццаг фæлварæнтæй æнцæ. Еске зæгъдзæнæй, æма, зæгъгæ, уотæ æваст ба куд ес уæхæн хуарз æмдзæвгитæ ниффинсæн?! Ес, ес! Искурдиади бон берæ ’й, æма адæймагæн лæгигъæдæ æрдзæй лæвæрд ку уа, уæд ин цæлхдортæ нæййес!

Фиццагидæр мæ ци бафеппайун фæндуй, е æй – Данæн е ’взаги гъæздугдзийнадæ, æ рагон дигорон бундойрон дзурдти арсенал мæ æхцæуæн деси бафтудта.

Дуккагæй ба – Дзагурти Данæн æхе хецæн хузи æрмдзæф ке ес, ке неке фæнзуй æма е ’мдзæвгитæн, еци хуарз æуулмæ гæсгæ, гъæуама уа сæхе бунат нæ гъæздуг дигорон литератури хæзнадони.

Æртиккагæй – поэти рæнгъитæй цæуй цидæр рохс. Мæнæ, киндзи ка нæ цæуй, еци кизги гъенцъун куд гъазæн-ходæн дзурдтæй, гиризæнхæццæй æвдесуй автор æмзæвги «Уæхъæци»:

*Уæхъæци мин, Уæхъæци*
*Дунгæ сæрфуй, æвæдзи…*
*Тургъи къумтæ, мæ ростæ*
*Арт уадзунцæ мæ гъостæ!*

Æмдзæвгæй ма æрхæсдзæнæн фæстаг цуппар рæнгъи:

*Тъæрæ мæмæ идзулуй,*
*Уг ба ходæгæй мæлуй!*
*Æллæх, æллæх, Уæхъæци*
*Зæгæлкъуæрд дæн, æвæдзи!*

Кæсай, куд дзæбæх æй загъта æ тухст уавæр дæр ма! Аци æмдзæвги медес ка балæдæра, уой еци-еу рæстæги сагъæси дæр бафтаудзæнæй, уæдта имæ цидæр фæлмæн гъулæгдзийнади ассоциацитæ дæр исæвзурун кæндзæнæй, фал, еумæйагæй райсгæй ба, æ зæрди уæддæр æвæрццæг æнкъарæнтæ байзайдзæнæй.

Дзагурти Данæмæ ес философион гъудикæнуйнади менеуæг, æ уадзимистæ ’нцæ цардон æма реалистон. Хуæрзфæлуст æнцæ поэти рæнгъитæ æнæнгъæлæги фæлгонцтæ, аййев сорæттæ æма рæсугъд æнкъарæнтæй, хуарз арæхсуй психологион хузтæ, нивтæ аразунмæ. Ке ранимадтон, еци поэтикон фæрæзнитæ кæми фæййеу унцæ, уоми ба райгурæй мæнæ ауæхæн цæмæдесаг рæнгъитæ:

*А уæлмæрдтæ æхгæд мин цæстемæй*
*Сæццæкæсæ дуйнемæ кæнуй.*
(«Уæлмæрдтæ»)

Аци еунæг гъудиади ес хъæбæр устур æма арф гъуди, æма ауæхæн хъаурæгин рæнгъитæ автормæ еуцалдæр ку уа, уæддæр етæ фагæ уодзæнæнцæ уой æцæг поэт исхонунмæ.

Фæййеуварсгæнæн нæййес, Дзагурти Данæ æ Дигорæ куд æнæкæрон берæ уарзуй, уобæл дæр:

*Уæ, тæходуй, мæ Дигорæ, -*
*Царди нивтæн сæ тала,*
*Арви реуæй, рæсог донау,*
*Фæрнугадæй æгъзæла!..*
*Мæ Дигорæ, уодибæстæ,*
*Дæ бакастæй урæзун!*
*Мæ монди дæ, мæ бæлди дæ,*
*Азæлун ди, азæлун!..*
(«Мæ Дигорæ»)

Кенæ ба цæхуæн кæдзос уарзондзийнади хæццæ финсуй поэт мæнæ аци зæрдæбæл æмбæлагæ рæнгъитæ æмдзæвгæ «Нанай рагуас»-и:

*Кукæ-нана, кæсай, хъахба – дуйне,*
*Куд зæгъисæ, уотæ ралæудтæй…*
*Нæ дигорон кæрдзин адæгонтæй*
*Еу дæр нæбал уадзуй æнгæрон?..*
*Зæрдæ-нана, кæнис ходæзмолæ,*
*Мæнæн дæр æй сосæггай зæгъай…*
*Уанцон нæй! Æноси æй Дигорæ?*
*Дуйнетæбæл дæ тала уадзай!..*
*Тутай цонгбæл ивазун мæ уонтæ,*
*Дарддалингæй фæндур игъусуй…*
*Куд рæсугъд семунцæ нæрæмонтæ,*
*Сæ дигорон азæлуй, цæфсуй!*

Поэт бæллуй, цæмæй æ хъазар, уарзон маддæлон дигорон æвзаг ма фесæфа, уæхæн хуарздзийнадæмæ, фæрсуй, «æноси йæй Дигорæ», зæгъгæ, æма æууæндуй, дуйнетæбæл æ тала ке уадздзæнæй. Еци оптимистон цæстингасæй ин игурунцæ æ фулдæр æмдзæвгитæ Данæн.

Журнал «Ирæф»-и 2023 анзи æртиккаг номери мах ниммухур кодтан Дзагурти Дани – Дигорхани æмдзæвгити цикл, æма нæмæ поэзиуарзгутæ алли рауæнтæй дзæнгæргутæ кодтонцæ, фарстонцæ, ка ’й, кæцæй æй, зæгъгæ, еци нæуæг автор. Е уобæл дзорæг æй, æма нæ дигорон дзиллæ еугур устурзæрдæ нæма иссæнцæ сæ маддæлон æвзагбæл, берети ма гъæуй киунугæ дæр, журнал дæр, газет дæр. Гъæуй сæ Дигорхани хузæн финсгутæ дæр. Мæнмæ гæсгæ, нуриуæнгæ ци æмдзæвгитæ ниффинста, етæ ин хецæн æмбурдгондæй рауадзуни аккаг æнцæ. Æууæндун, поэзиуарзгути зæрдитæ барохс кæндзæнæй уæхæн киунугæ. Мæ дзубанди цæйбæрцæбæл раст æй, уомæн ба æвдесæндар фæууэнтæ, дæлдæр ин газети фæрстæбæл ци æмдзæвгити цикл мухур кæнæн, е.

***ДЗАГУРТИ Данæ (Дигорхан)***

## УÆХЪÆЦИ

Уæхъæци мин, Уæхъæци
Дунгæ сæрфуй, æвæдзи,
Тургъи къумтæ, мæ ростæ,
Арт уадзунцæ мæ гъостæ!
Ниммæ зелуй кинзелæ,
Фæмми соруй фудмелæ!
Хуæнхти кæмттæй азæлуй,
Мæ къохтæмæ æгъзæлуй!
Уодзæнæн дин хуарз æнкъай,
Ма кæнæ тæргай, кизгай!
Тъæрæ мæмæ идзулуй,
Уг ба ходæгæй мæлуй!
Æллæх, æллæх, Уæхъæци
Зæгæлкъуæрд дæн, æвæдзи!

## УÆЛМÆРДТÆ

Бутъуйсинх гъæугæрон æрæнцойнæ ’й,
Е ’ндæ горен цард цæфсуй, бурсуй.
А уæлмæрдтæ æхгæд мин цæстемæй
Сæццæкæсæ дуйнемæ кæнуй.
Кир-кир кæнуй гæггог цирти сæрмæ,
Хори лæфин тавуй сау сикъит,
Идардæй æрбайгъусуй ’веппайди
Куд никкæнуй дудзигъæр мæзгит.
Æфсæн колдуар растæруй æ билтæ,
Мæрдæнцойнæ еблагъуæ зæгъуй,
А фæзбуни хецау, æнæ ’нцойнæ,
Æ цибæл сундакъæбæл цæвуй...

## НИВТИ ГЪОЛÆ

Ци сæ еу, ци иннæ – бæдолæ,
Кæрæдземæн – устур нифс.
Еуей гоккæ фæллæг уодзæй,
Иннемæн – къулух, рист.
Уæ цард, дæ тæразæ десарæзт æй!
Æрхунтæй дæ зæнхæ аразис...
Æрхотуги батохис фæсмонтæ,
Фидиуосау геруз дæ, æвзист.
Бæрзæндтæбæл гъолæ исгæлдзисæ,
Ку фæгъгъолон уа, оххай, дæ гъаст.
Мæ цæститæй дæхе ку уинисæ,
Бæргæ некæд кæнисæ нин маст.

## ХУÆРДÆЙРИСТ

Нæ дзиллæ мæ бæлгъур хонуй,
Æз ба уотид – хуæрдæйрист.
Нæртон лæгау фæгъгъæйт уинæ,
Мæ уйнадæ – фудæлгъист.
Æргомæй дæр, сосæгæй дæр
Мæ губун мин æй хецау,
Мæ ауодæг, мæ рæвдауæг,
Мæ цибæл ’ма мæ Хуцау.
Базургинти арв ивазуй,
Лæхдунти ба – цъимара,
Мæ сæдзæн мин дзенетхуз æй,
Мæ цæра си, мæ цæра.

## МÆНАУ

Дæн хорæн æ гъарæй,
Арвæн – æ цъæхæй,
Зæнхæн – æ гъæздугæй,
Дунгæн – æ хъаурæй.
Æз æрдзи рæссугъдæй
Не ’рцудтæн æртæст,
Уомæн æй мæ зæрдæ
Рохс уарзтæй исæрст.
Æз дони æртæхтæй
Уæлæрвтæй тахтдæн,
Стъалути æрттивдæй
Æрттевгæ адтæн.
Æз царди уолæнти
Боц дард æрцудтæн,
Уомæй æй мæ уоди
Мæ равгæ фулдæр.
Дæ уарзти рæвдудæй
Дæн надбæл, Хуцау,
Дуйне дæ лæдæрæд,
’Ма уарзæд мæнау...

***ДЗАГУРТИ Дани иннæ æмдзæвгитæ кæсетæ 6-аг фарсбæл.***



# ХЪИАМÆТГУНÆЙ Æ СÆДÆ АНЗЕЙ СÆРТИ РАКАСТÆЙ...

Адæймаг, дан, куддæр райгуруй, тæккæ еци усми æ ирисхъæ дæр æ тæрнихбæл финст æрцæуй.

Нæ хуæнхбæсти сувæллони исæнтæст алкæддæр устур цаубæл нимад уидæ. Биццеу фæззиндтайдæ – æма хæдзари фарнæ исонибони идарддæрхæссæг, фиди усхъити уæззау уаргъ рæуæгдæргæнæг, цомагæнæг. Кизгæ исæнтæстайдæ – æма е ба хæдзари силгоймæгти фарнæн игурдбæл нимад цудæй. Мадæн кизгæ æ къох рæуæгдæргæнæг уидæ алкæддæр, ку багъомбæл уидæ, уæдта бустæгидæр æхемæ райсидæ æ ниййерæги куститæн сæ зингæ хай.

Хумæтæги нæ байзадæй æмбесондæн нæ курухон хестæртæй уæхæн загъд: «Ниййергутæн кизгæ ци фæуua хуарзæй, уой син фурт нæ фæуyодзæнæй...»

Фæрæскъæтти гъæу уæхæн алæмæттаг рауæн æвæрд æй æма æ алливарс æрдзæмæ адæймаги цæстæ кæсунæй æфсæдгæ дæр нæ кæнуй. Уорс хонхи бæрзæндтæмæ фæсарæфтæ хор æхе ку бахатуй, уæд сугъзæрийнæ тунтæй агайнæгтæ рохс тæмæнтæ искалунцæ. Æ буни Тоборæхътæ, игуæрдæнтæ, Фæсуйтæ æма Хъалай тегъæ, æ фæйнæ фарсеми дууæ адаги. Сæ еуеми æхсæрдзæнтæй Къумæлдон догъуад кæнуй Айгомугидонмæ, иннердиги – фæтæн рæгътæ æма фонсхезæнтæ.

Гъе уæхæн æрдзон авдæни гъæбеси сæдæ анзей размæ Колити фæрнуг хæдзари Сандир æма Гæуисонæн райгурдæй Верæ (фурбоцæй æй Баренкæ худтонцæ).

Абони дæр ма Тъæпæн Дигори ахид æримисунцæ Колити Сандири. Æ хъаурæн тухæгæнæг тухæ нæ ирдта. Уорс хонхи дæлвæзти хуасæ ку кæрдидæ, уæд уес урдугмæ куд æрхæссидæ, хæрдмæ дæр æй кæрзхæрди уотæ хаста. Ревæдæй кæрцгоми хæрдмæ иссæун æ сæрмæ нæ хаста, уойбæрцæбæл тухæ имæ адтæй. Абони дæр ма, ести баргæй, уотæ ракæнунцæ: «Раст Колити Сандири цонги хъаболи æстæвдæн, кенæ уоййасæ армитъæпæнтæ», – зæгъгæ.

Хуæнхаг лæгæн æнæ косгæй дæр ци хуасæ адтæй. Авд зæнæги хæссун гъудæй еци æвадуат рауæн. Сæрдæй-зумæгæй, алли афони дæр хонхи цæргутæн сæ кусти туххъиамæт сæ фæсте зилдæй.

Æма кæд бустæги зæрди фæндон цард нæ кодтонцæ, уæддæр сæхе æнамонд ба нæ худтонцæ. Сæ зæнæги уиндæ сæбæл базуртæ сагъта æма еци цæрæццагæй цудæнцæ сæ исонибонмæ.

Верæн скъоламæ цæуни афонæ ку æрхъæрттæй, уæд еци сабий-сувæллонæй, хорбон уа æви мети хъæпæнтæ нæдтæ ку æрæхгæниуонцæ, уæддæр Мæхчески авдансон скъоламæ æнæцæугæ нæ уидæ. Æ уафсин дзабуртæ еу æма дууæ хатти нæ ниссæлиуонцæ æ фудхуз къæхтæбæл, æ цъоппин цъиндатæ еугур дзæлвæй исхæссидæ æ фиди къæсмæ. Уотемæй Верæ авдансон скъола каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ.

Кæд цийфæнди зин адтæй, уæддæр æй астæуккаг ахурадæ райсун гъудæй. Еци рæстæги ба æнæгъæнæ Дигоргоми астæуккаг скъола адтæй айдагъдæр Фæснæли.

Адæм сæ цардиуаги хабæрттæ бæргæ кодтонцæ, нæ исонибон кæдимайди ба зæрдæмæдзæугæдæр рауайидæ, зæгъгæ, сæхецæн нифситæ æвæргæй. Æма, æвæдзи, уотæ дæр адтайдæ, фал уæдмæ ба еугур будуртæ нæ, фал, æности дæргъити æнцад фунæйæй ка фæххустæй, еци æгомуг къæдзæхти тегътæ дæр ма æмазæлд никкодтонцæ адæми æваст фæдесгъæрæй. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Дигоргомæй ци сæдæгай лæгтæ рараст æй сæ Райгурæн бæстæ фудæзнагæй багъæуай кæнунмæ, уонæн сæ фиццæгти хæццæ адтæй Вери хестæр æнсувæр Шамиль дæр. Æдеугурæй мæйæ рацудæй, тугъдмæ ку ранæхæстæр æй, уотемæй æ бийнонтæмæ æ фæммарди хабар исигъустæй.



Верæ ма кæд æригондæр адтæй, уæддæр е 'дзард æнсувæри уæззау хабар ба сау гъæдгинæй байзадæй æ зæрди къуми арф æвæрдæй.

Фал куд фæззæгъунцæ: «Ка рамæла, мæгур е æй, ка цæра, е ба ести фæрæзнитæ кæндзæнæй æхецæн...»

Фæстугъд дæр адæми уавæр хуæздæр нæ фæцæй, кæд немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ дæрæнгонд æрцудæнцæ æма Уæлахез æрхастонцæ нæ тугъдонтæ, уæддæр.

Хуæрзефстаг нæлгоймæгтæ ма исæздахтæй фæстæмæ тугъди будуртæй, беретæн си, гъулæггагæн, сæ зинг æностæмæ бахустæй уоми.

Уæдта ка исæздахтæй, етæ дæр сахъат: кæбæл си еу цонг нæбал, кæбæл къах, кæмæн ба си æ цæстæ исхаудтæй...

Верæн фадуат нæбал фæцæй æ ахур райдарддæр кæнун æма ести дæсниадæ райсун. Косæг къохтæ нæ фагæ кодтонцæ колхози. Паддзахадон ихæслæвæрдтæ ба æнæмæнгæ æнхæст кæнун гъудæй æма Вери хузæнттæ рагуалдзæги Силтанухъи будуртæмæ рандæуиуонцæ æма айдагъдæр æрæгвæззæг тиллæгæфснайæнти фæсте ба сæхемæ исæздæхиуонцæ.

Æз мæхецæн ахид фæддес кæнун: цума Вери кари фæсевæд царди хуарзæй уанæбæрæг ци фæууидтонцæ. Еу саугуст сæ инней фæдбæл æййафгæ цудæй. Рагсарæй ба изæрдалингтæмæ галтæбæл хумæ кæнæ, уой фæсте ба похци, уæдта муггаг къохæй итауæ уоййасæ итигъд будурти. Еци куститæ ку фæууиуонцæ, уæдта бабæй иннæ кустæ. Зæрди фæндон нæдæр уолæфгæ некæд бакодтонцæ, фæскуст фæлладæй ци гъастизæртæ райаразиуонцæ, уомæй уæлдай.

Хæдзари дæр мадæн агъаз кæнун гъудæй, уал косæг æнсувæрей гъуд кæнун гъудæй. Æма ци куст ба нæ кодта, цæмæ ба нæ арæхстæй Верæ. Хуасдзау лæгти æмрæнгъæ карста хуасæ, æнтудта, тунæ дæр ма уафта сауæнгæ. Æ мадæн тæрегъæд кæнгæй, хæдзари кустити фулдæр хай иста æхемæ æма ин æнтæсгæ дæр кодта. Еци доги æмпъузтитæ хæдæнттæ æма хæлæфти рацæун ходуйнагбæл нимад нæ адтæй. Фал уæддæр уæледарæс ба гъудгонд адтайдæ. Æма Верæ еци кустмæ дæр арæхстæй. Уой бийнонтæй лæг гъæунгæмæ æнцъулдтæ дарæси некæд рахизтæй.

Колхози разамунд сæрæн кизги хъазауатон куст æнæрæстæфгæ кæми нæ фæцайуонцæ æма 'й исæвардтонцæ звеной разамонæгæй. Еци звено æ рæстæги айдагъ районы нæ, фал æнæгъæнæ Иристони хæдзарæдти 'хсæн дæр нимад адтæй раззагдæртæй еуебæл.

Хæрæгбæл уæргътæ исæвæрун, сог æрбаласун, галтæ райефтиндзунмæ Верæн æ раз неке байахæстайдæ. Цидæриддæр гъуддаг ин байхæс кæнæ æма æнæмæтæ уо, – тæккæ хуæздæр хузи æнхæстгонд уодзæнæй. Гъе уæхæн сæрæн игурд кизгæ адтæй нæхе Верæ.

Еске бангъæлдзæнæй, мæнæ æхеуон æй æма 'й æстауй, зæгъгæ. Фал æцæгдзийнадæ ци 'й, уой ба алкæддæр адæми рæнгъæмæ хæссун гъæуй. Кæстæртæ гъæуама хестæрти фæлтæрддзийнадæбæл ахур кæнонцæ. Мадта куд?! Уотæ ку нæ уа, уæд нæ кæстæртæн развæндаг амонæг ка æма ци уодзæнæй, æма сæ рæствæндаггæнæг ку нæ уа, уæд нæ исонибон исæфтмæ нæ цæуй?

Абони дæр ма Верæ фæффæдзæхсуй кæстæртæн: «Кæрæдзебæл хуæцунæй хуæздæр неци ес, – уотемæй цийфæнди цифуддæр знаги дæр цурддæр ниппурхæ кæндзæнæ!..»

Колити Верæ æ рæстæги æ цард байеу кодта Икъати Владимири хæццæ. Цубур рæстæги фæсте ба сæ цæрæнбунат исæййивтонцæ Дзæуæгигъæумæ. Ами дæр райдайæни сæ царди уавæртæ бустæги зæрдæмæдзæугæ нæ адтæнцæ. Владимир куста шоферæй, Верæ ба вагзали æфснайæгæй. Уотемæй, дууæ уоди кæрæдземæ усхъæ даргæй, райдæдтонцæ хæдзарæ аразун, ци æхцай мортæ сæмæ бамбурд уидæ, етæ еугурæйдæр харзгонд цудæнцæ арæзтадон æрмæгутæбæл. Æма бабæй ами дæр Вери раuон-циуондзийнадæ æхе равдиста. Верæ къохæй алцæмæдæр дæсни ке адтæй, еци аცъагъуæ ин исбæзтæй.

Кустæй евдæлон рæстæг худта салин дзабуртæ, кодта буйнаг ходтæ æма уони дæр рауæйæ кæнидæ, уотемæй уæлæнхасæн къапекк куста хæдзари пайдайæн. Гъе уотемæйти цæрунгъон хæдзарæ исæнцæ. Исæнтæстæй син фурт Маирбег. Е дæр æ ниййергути хузæн цардбæллон æма сæрæнигурд разиндтæй. Университет хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæууогæй, куста аллихузон бæрнон бунæтти. Æ бийнойнаг Азиати Ритæ уæхæн хуæрзуод адæймаг разиндтæй æма Верæн æ берæ мæгурбæнттæ феронх кæнун кодта. Мæнæ цума æхе кизгæ адтæй, уой хузæн цæфст ибæл адтæй. Æ цонг зæронд силгоймаги дæлуагис рацæвидæ æма зианмæ дæр, цийнæмæ дæр сæ цуд еумæ уидæ. Еци идзулгæ, фæлмæнзæрдæй ма рагъазуй нæ цæститæбæл.

Цард, дан, дони тæбæгъау æй, цирдæмæ фæкъкъолæ уодзæнæй, уомæн балæдæрæн нæййес.

Гъенур ба нæ царди радæ кæндзинан, зæгъгæ, æхецæн нифситæ æвæрун куд райдæдта, уотемæй Верæбæл фæд-фæди æрцудæй, исфæразæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн устур дууæ фуди.

Æ киндзæ Ритæ æма æ еунæг бундар Маирбег еци æнæхайири коронавируси незæй æрбасæйгæ 'нцæ. Маирбег ма сæйгæдони адтæй, уотемæй æ зæрдтагон цардæмбал еци уæззау незæй е 'носон дуйнемæ банæхстæр æй. Фæстæдæр еци хабар Маирбегæн ку иской кодтонцæ, уæд дзæвгарæ рæстæгути дзурдгъон дæр нæбал адтæй. Бадтæй сæ еумæйаг уати æма æхемæ игъуста. Нецибал æй æндавта аци дуйнебæл. Цæйбæрцæдæр рæстæг, уæдта е дæр, инæфгæй, рандæ 'й æ цардæмбали фæсте.

Раст нæ 'нцæ, уотæ ка фæззæгъуй: «Арв еу рауæн дууæ хатти нæ цæвуй», – зæгъгæ, етæ. Æгæр дæр ма цæвуй, æгæр!.. Силгоймаги зæрдæ фæлмæн куд æй, фæразон дæр уотæ 'й. Æ байуантæ нæ никкалдæнцæ зинтæбæл фæлтæрд силгоймагæн, кæд æ нифси бундор еугур калд никкодта, уæддæр.

Уогæ еугур калд нæ никкодта Вери бундор. Вери амондæн ма Маирбегæн байзадæй кизгæ – Азау. Азауæн ес дууæ сувæллони – Верæмæ ма рохс кæмæй кæлуй, етæ.

Нуртæккæ етæ 'нцæ æ фæххуæцæн, æ царди нифс. Уони цæрайæй ма цæруй. Сæ нанабæл цийнæй марунцæ етæ дæр сæхе. Адæймаг ку æрзæронд уй, уæд æ хъаурæ дæр идуйгæ цæуй. Вери кæддæри кустадзагъд цæнгтæ фиццаги хузæн кустгъон нæбал æнцæ, æрлæмæгъ æнцæ, фал æй æ фурти кизгæ Азау тухсун нецæбæл уадзуй. Лæдæруй æ нанай уавæр, хатуй ин æ рист æма архайуй уой, куд хуæздæр, уотæ барæвдаунбæл.

Икъати-Колити Верæбæл 8 Мартъий исæнхæст уодзæнæй сæдæ анзи. Æма ин уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн: «Берæ æнзти ма дæ кæстæрти-кæстæрти хуарздзийнæдтæй зæрдирай куд уай, Хуцауи цæстæ дин уой бауарзæд! Махæн, муггагæн, ду дæ нæ устур нифс. Æма нин мæсугау федар лæууæ, Баренкæ!..»

***КОЛИТИ Витали***

*«Финсгутæн сæ кой не 'сæфуй, сæ дессаги дзубандитæ æма сæ устур гъуддæгутæ байзайунцæ сæ бундартæн...» Уотæ финста литературон æртасæг Тибилти Александр. Нæ номдзуд финсæг Нигер ба уотæ загъта: «Поэзи ци æй, уомæй еугурæйдæр æй дзурди дæсниадæ...» Уомæн æвдесæн – нæ национ финсгути исфæлдистадæ.»*

# «КУД РÆСУГЪД ДÆ, ХУÆНХТИ КИЗГÆ!..»

## МÆ ДИГОРÆ

Мæ дадзинти нивесинæн
Тоги хæццæ æнхæцгонд,
Дæ фæлсугъдæй, дæ тъулинæй
Амад цæуй мæ амонд...
Мæ гъенцъунтæн сæ зæредæ
Коми тулфау исæфуй,
Дæ зæринæй, рохсалистæй
Зæрдæ ирайуй, тæхуй!..
Уæ, тæходуй, мæ Дигорæ, –
Царди нивтæн сæ тала,
Арви реуæй, рæсог донау,
Фæрнугадæй æгъзæла!..
Мæ Дигорæ, удибæстæ,
Дæ бакастæй ирæзун!
Мæ монди дæ, мæ бæлди дæ,
Азæлун ди, азæлун!..

## УÆЛАРВОН ФÆЗÆ

Арви реубæл уорс дæркъитау
Ниппурх æнцæ къæбæлдзуг,
Сæ бæзгини, сæ уæлиауи
Фахсбæл кæнунцæ æмдзуд,
Сæ фиййауæн æ уадиндзæй
Дзæгæргутæ æгъзæлуй,
Уæлуæлиндзæ уацамонгæй
Уарундзæг нидæн кæлуй...
Сувæрфиу цагъанахузæй
Хори лæфинттæй тæдзгæй,
Цъæх фæзбунбæл мадæ-мегъæ
Арви риндзæмæ лæсгæй,
Æ сувæдæг – фур бедаугæ,
Зæнхи комбаст ихалуй...

## ЗÆРДИ ХЪИСМÆТ

Цæститæй мæ зæрдæ – усмæн над,
Æнæбитъиз, æнæбари, куствæллад.
Æвæлмас гупп е 'вæлхæтæ искæнуй,
Æ нæрагæ, æ тæрнадæ имисуй...
Ци ауодуй, ци агоруй, ци 'й æ тафс,
Табу-мендар ци Хуцаумæ, ци æнбаст?
Ис уæ къахон, мæ цæститæ – зиангæнæг!
Зæрди бундор кæдмæ нæма 'й æдзæрæг...

## ЗÆРОНД БУНДОР

Зæнхæндзæр нинnæхстæн царди руни...
Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – бедола.
Тæмæнкалди, раздæри фæзуати
Сæрбæрзондæй хундтæн кесена.
Ме 'хсидзгонæй хауинæ хæпполти,
Мæ къæсæр Уасгергийæй фæдзæхст.
Ка 'й зудта, 'ма ралæудзæй абони,
Гъарæнгæ исессæй мæ кæла...
Никкæло йæй 'веппайди мæ фарнæ,
Мæ сосдар мæ хæццæ фæммæлуй.
Бундоронти евгъуд исминæг æй,
Фæлдивд мин æй рагæй сæ цæра...

## НАНАЙ РАГУАС

Мистæ-нана, разиндтæ фæсусмæ!..
Æдосæ дæ мæ фуни уидтон...
Æнæнгъæлти мæ фæлин нилвæст æй,
Мæ уолæфт фурцийнæй – æгæрон!
Ма рауадзæ, уæрццæ, къохидзæгтæ
Æнæрхаугæй ратонæ, цурд уо...
Ох, нана, дæу æнгъæлдзау абони
Тутай зæронд цонгбæл æз рæхцун!..
Кукæ-нана, кæсай, хъахба-дуйне,
Куд зæгъисæ, уотæ ралæудтæй...
Нæ дигорон кæрдзин адæгонтæй
Еу дæр нæбал уадзуй æнгæрон!
Зæрдæ-нана,кæнис ходæзмолæ,
Мæнæн дæр æй сосæгкай зæгъай...
Уанцон нæ 'й! Æноси йæй Дигорæ?
Дуйнетæбæл дæ тала уадзæй!..
Тутай цонгбæл ивазун мæ уонтæ,
Дарддалингæй фæндур игъусуй...

Куд рæсугъд семунцæ нæ рæмонтæ,
Сæ дигорон азæлуй, цæфсуй!

## ДЗÆМИЛÆТИ УОНАЙ

Дунгæ фахсбæл, техъул кæнгæй,
Сæрбехъулон аразуй,
Е 'рдеуагæй, æ тъæллангæй,
Хуæнхти зæрдæ ихæлуй!
Æ зелдохи, æ йах-йахи
Нидæн зарæ истæлфуй...
Комбæл хабар фæххæлеу æй:
Дзæмилæт фæлхизт рæмуй...
Æ уонай ин нæ игъосгæй,
Æ къохтæ ин нæ сæрфгæй,
Куд ма цæрдзæй дунгин науæ,
Æ талас исæскъундзæй!
Мæ фæлмæсгæ, мæ хæзна дæ,
Æнæ дæу – дуйне æмир!
Дæ зæрин уод а-зæнхонтæй
Арви уацæн æй фæлдист!
Дæ фæсмæрдæ комбæл хæссæн
Еудадзугæй дæ уонай,
Дидингути, æстъалути,
Алли 'ртæхи куд цæрай...

Фал дæ зæрдæ, мæн бавзаргæй,
Заргæ кæндзæй æ гуппи...
Нæ фæййиндзæй мæ дæ цæстæ,
Нæ мæ 'рахæссæй дæ гъос,
Фал дæ зæрдæ цæстисугæй
Барæвдаудзæнæй дæ рос.
Мæн агоргæй, цард æрветис,
Æнгъæлмæ кæсис мæнмæ,
Нур нæма 'й мæнæн мæ рæстæг
Над байтаунмæ дæумæ...
Дæ зæрдæ ма фунæй кæнуй,
Мæ уагбæл нæма дæ карст,
Алке уодмæ нæ баковун,
Асхъод фæууй уацæуарзт...

## УАЗАЙ РÆСУГЪД

Арви айдæнæ æрттевгæй,
Уазай цъопп исæвзурста:
Куд рæсугъд дæ, хуæнхти кизгæ!
Мæ уод дин аккаг феста...
Рæстæг цæуй, хæлттæ 'лвесгæ,
Æлхуйнæбæл – царди над,
Хуæнхти кизгæ, Уазай рæсугъд,
Уарзти гъарæй – боцæй дард.
Мæ зæрдæ дин, тæмæн калгæй,

Дæнтти къæл-къæл игъусуй,
Царди фарнæ ахедуй...
Ка цæра – уæ цæра
Зурнавдæнæй рævдауа...
Симд базуртæ нийтиндзта,
Уодти æмдзæгъд истахта...

## ÆХСÆЙНАГ ДУАР

Цардуордæг тæрвазæ –
Къахкъуæрæн.
Базуртæ фæлтард –
Ервæзтæн.
Уодæн æ миздæ –
Æ кæдзос.
Æрни Барастæр –
Дæ уæлгъос.
Есап цæстуингæй –
Цæлæтæн.
Мæнгæ –
Æфсойнæ мæлæтæн.
Домæ дæхецæй
Уæлæбæл.
Æхсæйнаг дуар –
Унгæгбæл.

## НÆХЕ ЦÆРÆНБОН!

Æрдзи реубæл фæзбуни,
Дæгæ-дæгæ, æрдунæй
Зæрди гъестæ райвазæ,
Мæлгъæн фæрсаг аразæ!
Дидингутæй – цæхæртæ,
Дæ фалдзости – цъæх зæлдæ,
Дæ мондæгтæ фæлдесæ
Де 'Скæнæгмæ зæрдесгæй!
Уарзон адæн – рæбунти,
Къумæл – ниуæзт æдбунтæ,
Гагидауæ – ирайгæ,
Ма си кæнæ фæллайгæ!
Царди тæмæн исковæ,
Удт, мæ зæрдæ, рæдовæ!

## МЕ 'ВДЕСÆН

Зæрдæ, ду ме 'вдесæн,
Мæ зин 'ма мæ цийнæн,
Мæ ахсгиаг гъудитæ
Фæдзæхсун æз дæуæн.
Дæуæй, уæларвон зæлтау,
Мæ зарун агорун,
Дæуæй, фæндури гъестау,
Мæ мæтæ расорун.
Мæ уарунти, мæ хорти,
Мæ зæрдæ, ду ме 'мбал,
Дæ рист, дæ фæллад гуппæн
Нæ бухсун æз, нæбал...
Мæ уарзт, мæ рохс бæлдитæ,
Не 'фхуæрис, нæ сæттис,
Æносмæ царди хъаурæ
Ме 'уæнгтæн ду дæттис.
Мæ зæрдæ, ду ме 'вдесæн
Мæ раст 'ма мæ фудæн,
Дæуæй, Хуцаумæ ковгæй,
Рæсог донау æдæн...

## ДИН МОН

Мæ дин, мæ мон,
Уæ ауодæг – мæхуæдæг.
Цæрон, мæлон –
Ма 'рзайæд уæбæл кæрдæг.
Хъибиллæн мин –
Мæ уоди Хуцау,
Уомæ ковун
Йе мин – бæстæ,
Йе мин – цирагъдар.
Хæрди, 'рдуги,
Фæзæбæл бургæй,
Цæфсгæй, тайгæй,
Уобай æхседгæй,
Фуни, асæги,
Арвæй зæнхи 'хсæн –
Дигорон дæн,
Тахæд мæ удзæл…



ДЗАГУРТИ Данæ æ хеуæнтти хæццæ.

## БАБАТИ ТУГЪДОН ХЪУРМÆ

Мæ баба мин, хъурмæ кæнгæй,
Æ фиди кой ку кодта,
Уæд ин, цума, фæллад къохтæй
Æ тугъдон зæрдæ сæрфта.
Æ медбилтæ байдзулидæ
Мæ уорс сæр, рæдау баба,
Æ цæстæбæл рауайидæ,
Æ цæф фидæ куд гъæрзта:
Цæруйнаг уæнтæ бæдæлттæ,
Тугъди азумæй ба – хизт!
Ма ко, баба, минкъий къохтæй
Æз дин райссæнæн дæ рист!

## ТÆХОДУЙ

Æмидолæй ме 'сконди мæ апп,
Мæ зундæн æ баредзæ – уæлиндзæ.
Тæходуй, цард, ку уинæ аккаг
Дæ фæлвæра, кадæнгæ, бæллецтæн!
Мæ уосонгæ уидæ рохс, уæлмонц,
Мæ уæлбазур хæссинæ мæ нивæ...
Гъудий халæ 'лвесинæ æрвонг,
Дæ райдзастæн уинæ дин уадиндзæ!

## УАЦÆУАРЗТ

Нæ мæ райссæнæ дæ къохи,
Не 'сивæрдзæнæ дзиппи,

Дæ къæхтæмæ 'сивæрдзæн,
Дæ рохс цæсгон, реуи даргæй,
Цардæй аргъау искæндзæн!
Мæйи рохсæй тар изæрти,
Уарзгæй, кæссæнæн дæумæ,
Ирд стъалутæй дæ къахфæндаг
Исаразæнæ мæнмæ!
Дунги хъаурæй цæугæ дæнттæ
Искæндзæнæн мийнæвар,
Ме 'гас уод дин хори гъарæй
Бакæндзæнæн æз лæвар...
Арви айдæнæ, æрттевгæй,
Уазай цъопп исæвзурста,
Дорти федар ин æ уарзтæй
Дидингутæ исуагъта...

## ÆМДЗÆГЪД

Тарираaa, уарираaa
Нæ кæмттæбæл азæла...
Арвæй зæнхи 'хсæн – æмдзæгъд,
Нартæй байзайгæ фæдзæхст...
Æддæ-бæдæ, лæби-бæла,
Зæрдæй цæхæртæ кæла...
Еууæрæй, дууæрæй,
Фæндур – цъæхснаг æфсийнæй...
Цæнгтæ уæлиау къæдзæхтæн,
Серунцæ сахъ лæгтæй...
Дæлæлæй, уæлæлæй
Уæлæхсарæ нийвулдæй...

**Нæ национ профессионалон музыки бундорæвæрæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Галати Александри фурт Бариси райгурдбæл 10 мартъий æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1899-1974).**

*Æртиккаг мæйæ црайуаг силгоймæгти къуар дæр цалдæр мæйей дæргъи бийунцæ римæхсæн хизтæ. Еци гъуддаг исаразæг иссæй Гæдзалати Фатимæ, æ фарсмæ ба ма 'рбалæудтæнцæ гъæуккаг силгоймæгтæ. Етæ бийунцæ аллихузи, æрдзон уавæртæмæ гæсгæ ка багъæудзæнæй, уæхæн нивæфтудтитæ.*




ГАСИНТИ-ТАУХЪАЗАХТИ Нинæ



# СÆ УОДИ ГЪАРДЗИЙНАДÆ ÆВÆРУНЦÆ СÆ КОНД ДАРÆСТИ

Хуарз æй зонæн, Устур Фидибæстон тугъди рæстæги фæсфронти мингай силгоймæгтæ гъар цъоппин цъиндатæ æма къохæрходтæ, æндæр дзаумæуттæ бони æма æхсæвигæнтти кодтонцæ æма сæ æрвистонцæ фронтмæ, уоми тохгæнæг советон æфсæддонтæн. Еци ахсгиаг гъуддаг бабæй нæуæгæй фæстæмæ æрæздæхун кодтонцæ аци рæстæгути цаутæ, æма бабæй æй æновудæй æнхæст кæнунцæ нæ фæлмæнзæрдæ силгоймæгтæ. Уой дæр – беретæ си архайунцæ сæхе хъæппæресæй.

Уонæй еу æй сурхдигойраг Гасинти-Таухъазахти Асæхмæти кизгæ Нинæ дæр. Цуппаринсæйанздзуд силгоймаг кæнуй цъоппин цъиндатæ æма æ къохвæллойни хæццæ ма си уæлæнхасæн байвæруй æ зæрди тæбедзæ дæр.

Нинæ еци куст кæнун райдæдта, фæсевæдмæ сæрмагонд æфсæддон операций архайунмæ фиццаг хатт куддæр фæдздзурдтонцæ, уæдæй фæстæмæ.

Райдайæни цъопп æхуæдæг бидта, фæстæдæр ба еци кустбæл фæццалх æй æ кизгæ дæр. Цъиндайаг æлвист хæлттæй æй афойнадæбæл ефтонг кæнуй Ирæфи райони территориалон æвзарæн къамиси сæрдар Тускъати-Гетъоти Цæрайи кизгæ Эльвирæ. Цубурдзурдæй, устур арфиаг куст æнхæстгонд цæуй Гасинти хæдзари.

– Тугъдонтæн мæ исконд цъиндати гъæуама айдагъ гъар ма уа, фал ма син æнцон æфсæрæн дæр уа, – зæгъуй Нинæ. – Уомæ гæсгæ ба цъинда гъæуама уа фадигъолæй дæс æма инсæй сантиметри уæлдæр, æ бун ба – лигъз.

Æ конд цъиндатæ айдагъ къахи гъарæн агъаз нæ 'нцæ, фал ма уолæфун кæнунцæ къахи бунтæ, уæрагæн хæссунцæ æхцæуæндзийнадæ.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайунцæ Нинæн æ фурт – Дауит æма æ зæнæги зæнæг Диготи Хетæг. Нинæ уогæ айдагъ уони мæтæ нæ кæнуй, фал еугур тугъдонти мæтæ дæр. Раздæр син рарвиста дууинсæй фæлусти, фæстæдæр бабæй – фондз æма инсæй фæлусти. Уой уæлæнхасæн ма цалдæр жилетки дæр исбидта, уæдта син рарвиста фæрзеу дæр, тамакутæ дæр. Алли посылки дæр рарветуй финстæг æма си нæ тохгæнæг фæсевæдæн нифситæ æвæруй: махæй иронх ке нæ 'нцæ, сæ хъазауатон тох, сæ бæгъатæрдзийнадæй сæрустур ке ан, алкæддæр нæ зæрдитæ сæ хæццæ ке 'нцæ, уой туххæй.

Нинæ æ цард-цæрæнбонти дзæгъæлбадт некæд кодта. Кустуарзагæ силгоймаг дзæвгарæ рæстæгути фæккуста горцъетæ аразæн, фæстæдæр ба сæхе гъæуи хуйæн цехти. Æ цардæмбал Данели хæццæ исгъомбæл кодтонцæ æртæ фурти æма кизгæ. Нинæ æхуæдæг дæр исгъомбæл æй устур бийнонти 'хсæн. Æ фидæ Асæхмæт æма æ мадæ Махъоти Хадизæтæн адтæнцæ аст сувæллони. Æ уодуæлдай фæллойни фæрци ин лæвæрд æрцудæй «Фæллойни ветеран»-и æма «В.И. Ленинбæл 100 анзи исæнхæсти фæдбæл майдантæ.

– Хуцауæй мин ци ацъагъуæ лæвæрд ес, уомæй айдагъ мæхе нæ, фал ма си ескæмæн дæр хуæрзти гъæуама бацæуон, – зæгъуй Нинæ.

Берæ æнзти дæргъи ма дæ къохтæ фæрнæй фæддарæ, Нинæ!

* * *

Ку зæгъæн, «Алцидæр фронтæн», зæгъгæ, Устур Фидибæстон тугъд ку цудæй, уæд фронтæн агъаз кодтонцæ промышленнон кустуæтти æма колхозти фæллойнæгæнгути, рацæргæ адæймæгутæ, сабийтæ æма адæми еци еудзийнади фæрци нæ къохи бафтудæй Уæлахез.

Фæсфронти агъаз минкъийдæр нифс æма пайда нæ хæссуй, абони Донбасси зæнхæбæл сабурдзийнадæбæл ка тох кæнуй, еци тугъдонтæн. «Своих не бросаем!» – аци еугурадæмон фæдздзурд Цæгат Иристони цæргутæ сæ зæрдитæмæ хъæбæр райстонцæ. Сæрмагонд æфсæддон операци ку райдæдта, уæдæй нурмæ гуманитарон агъаз æрветунцæ нæ гъæутæ, кустуæттæ, хецæн адæймæгутæ: уæледарæс, цъоппин цъиндатæ, сонгун цирæгътæ, хуастæ æма бийæн æрмæг, сауæнгæ ма хе хæдзари конд цихтитæ, къеретæ, – нæ тугъдонти зæрдитæ ка барохс кæна æма сæ ка барæвдауа, уæхæн гъæугæ æма æхцæуæн лæвæрттæ.

Тугъдонтæн сæ царди уавæртæ минкъий фæрразæуæгдæр кæнунæн Гизæли Бæрой-фурти номбæл санаторон скъола – интернати коллектив æрæги æхе харзæй æма ниййергути агъазæй балхæдта генератортæ. Кæми гъудæнцæ, уордæмæ сæ бахъæртун кодтонцæ 58-аг æфсади минæвæрттæ, уони хæццæ ба син бастдзийнадæ ес Татьянæ Днепропетровскаяйи фæрци. Абони е æй, Фидибæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уони номбæл æхсæнадон организаций республикон хайади сæрдар. Ахургæнæг Дадианти Неля æ хæццæ ку базонгæ æй, уæдæй абони уæнгæ Татьянæ скъолайæн агъаз кæнуй сæ патриотонгъомбæладон кусти.

Санаторон скъолай ахургæнгутæ, сæ сæргъи директор Цгъойти Светланæ, уотемæй сæ хъауритæ байеу кодтонцæ æма бавналдтонцæ римæхсæн хизтæ бийунмæ. Етæ хъæбæр æхсицгæ гъæунцæ нæ тугъдонти, хуарз агъаз æнцæ сæ æдасдзийнадæн. Акъоппитæ, танкитæ нимбæрзунмæ, цæмæй сæ дронтæ ма уинонцæ. Уавæр лæдæргæй, силгоймæгтæ еци кустæн пайда кæнунцæ урокти 'хсæн сæ уæгъдæ рæстæгæй, мадта каникулти æма уолæфæн бæнтти дæр цæунцæ скъоламæ æма бабæй бавналунцæ сæ кустмæ.

Хизæ бийунæн кæд уæлдæр ахурадæ нæ гъæуй, уæддæр си гъæуй къохти арæхстдзийнадæ, уæдта бæлвурд домæнтæмæ гæсгæ бийун, уомæн ба гъæуй рæстæг. Хизбийгутæ Дзебисати Галинæ, Хъалæгати Зитæ, Касати Фатимæ, Бæрæзгати Мири баййафтан станоки уæлгъос косгæй. Се 'нгулдзити æзмæлдбæл цæстæ нæ хуæстæй.

Дзебисати Галини хæццæ æз дæр равзурстон хизæ бийун æма 'й балæдæрдтæн, аци кусти устур арæхстгин æма къæрцгъос ун ке гъæуй, уой.

Фиццаг хизæ силгоймæгтæ бидтонцæ дууæ къуæрей дæргъи, фал кустбæл ку фæццалх æнцæ, уæд дууæ бонемæ дæр рабийунцæ хизæ (4x7 метри). Нуриуæнгæ бал тугъдонтæн рарвистонцæ æстдæс хизи. Бийунцæ æй цалдæр хузи хъумæцтæй, зумæги ба ма сæмæ бафтудтонцæ уорс, уалдзæгмæ ба сæбæл æфтаудзæнæнцæ кæрдæгхуз уаддзæгтæ. Уони сæхуæдтæ лух кæнунцæ хъумацæй. Цæмæй куст æнæкъулумпийæй цæуа, уомæ Агънати Регинæ алкæд æ цæстæ даруй.

Силгоймæгтæ сæ кустæй хъæбæр арази 'нцæ, телеуинунади хизæй æмбæрзт акъоппитæ æма техникæ ку фæууинунцæ, уæд си, кæд мах къохвæллойнæ дæр ес, зæгъгæ, бацийнæ кæнунцæ.

– Ахид Интернети хизæгæй дæр райсæн информаци, ка ци гъæуагæ 'й, æма сæмæ нæ бон цæмæй æй фæккæсун. Æма бабæй уæд нæхуæдтæ дæр æмбурд кæнæн фæрæзнитæ, нæ ахурдзаути ниййергутæ дæр нæмæ фæккæсунцæ. Уонæн мæ фæндуй уæлдай арфитæ ракæнун. Агъазмæ ку фæдздзорæн, уæд нæ косæнуати къохбакæнæн дæр нæбал фæууй, сауæнгæ цæхгунти уæнгæ дæр нæмæ 'рбахæссунцæ. Скъолай рауагъдон Дзуццати Азæмæти къахидарæс гъæуй, зæгъгæ, уой ку базудтонцæ, уæд æхца рамбурд кодтонцæ æма цубур рæстæгмæ Азæмæтмæ æ берцитæ бахъæрттæнцæ, – зæгъуй Цгъойти Светланæ.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайунцæ сæ гъомбæлгæнуйнæгти ниййергутæ, сæ рауагъдонтæ æма гизæйлаг лæхъуæнтæ. Хецæн си неке кæнунцæ. Гъулæггагæн, се 'хсæн ес ка фæммард æй, уæхæнттæ. Сæ кой кæнгæй, Светланæ æ цæстисугтæ нæ бауорæдта. Скъолай æдзард рауагъдонти номбæл æвæрд æрцудæй къæйдорæй номерæн фæйнæг...

Силгоймæгти фарсмæ аци гъæугæ кусти 'рбалæуунцæ Гизæли фæсевæд, æхсæнадон змæлд «Ирон зеу»-æй, Сланти Ибрагим, Дзуццати Алан æма иннетæ. Етæ бунатмæ бахъæртун кæнунцæ скъолай номæй гуманитарон агъаз. Вазуггин ихæс сæхемæ растаунæн æма хуæрзеугути туххæй ке нæ райстонцæ, уой бæлвурдæй ес зæгъæн. Аци хъæппæрес цæуй зæрдæй æма нæ бæсти хæццæ еудзийнадæй.

**МАМИАТИ Лолитæ**



БИКЪОЙТИ Дианæ, ХЪУЛАТИ Бэллæ, ДРИАТИ Лейлæ.

**Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг тугъдонтæн агъаз кæнуни фæдбæл Хуæнхон паддзахадон аграрон университети косæг Бикъойти Дианæ ци хъæппæрес равдиста, уоми æ фарсмæ 'рбалæудтæнцæ е 'мгустгæнгутæ Хъулати Бэллæ, Моурати Розæ, Дриати Лейлæ, Дзусати Каринæ, Бичегкути Дианæ æма иннетæ.**

**Уæрæсей адæмон артист, Таджикистани А.Рудакий номбæл æма Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премити лауреат Уатати Заурбеги фурт Бибой райгурдбæл 15 мартъий æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1939-2000).**

*МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), финсæг: «Цæйбæрцæбæл цубурдæр кæна цард, уойбæрцæбæл хъазардæр æй, æма ’й хъæбæрдæр гъæуай кæнун гъæуй... Цард цæрунæн æй, æма дин Хуцауæй ци дуйæ бони лæвæрд ес, уони дзæбæхæй рацæрæ...»*



# ЦАРДÆЙ ИСТ ХАБÆРТТÆ

Хуцау силгоймаги ку исфæлдиста, уæд ин загъта:

– Уо рæсугъд, уо зæрдæмæдзæугæ, уо фæлмæн, уо фæразон, уо бухсагæ... Кæд дæ бон бауа, уæд хаттæй-хатт уо зундгин, идæрдтæбæл гъудигæнагæ, амалгин, уæдта еуцæйбæрцæдæр цæмæдес. Уæд дæмæ амонд æ медбилти ходдзæнæй.

– Арфиаг уо Ме ’Сфæлдесæг, дæ фудæбон æма зундгин унаффитæй. Æнæмæнгæ сæ æнхæст кæндзæнæн, æцæг еци-еу рæстæг нæ. Фал, о цитгин Хуцау, лæдæрагæ уо, зæгъæ мин уæхæн унаффæ цæмæннæ бакодтай?– Хуцау ин уæхæн дзуапп равардта.

– Уомæн æма, лæдæрагæ ку уай, уæд силгоймаг нæбал уодзæнæ.

## КИТАЙАГ УОСÆ-ПАДДЗАХ СИЛИНЧИ

Китайаг император берæ уарзта æ бийнойнаг Силинчий. Хъæбæр æй фæндадтæй, цæмæй æ уарзон уосæ-паддзах адæмæй макæд феронх адтайдæ. Еуæхæни ин равдиста цилле золкъæ æма ин загъта: «Базонæ аци золкъи хæццæ архайун, æма дæ адæм муггагмæ имисдзæнæнцæ».

Силинчи æ цæстæ дарун байдæдта золкъитæмæ æма бафеппайдта: мæрдвунæй ку баунцæ, уæд тунти къубулойнитæ фестунцæ. Уæд син сæ тунтæ райхалдта, балвиста сæ æма си цилле сæрбæттæн бауафта. Уæдта тутай сифтæ æртудта золкъитæн хуаллагæн. Уотемæй золкъитæ исберæ ’нцæ, æма адæм дæр фæццалх æнцæ еци кустбæл.

Уæдæй нурмæ еу-фондз мин анзей бæрцæ рацудæй, фал китайæгтæ сæ уосæ-паддзах Силинчий нæ феронх æнцæ. Æ номбæл ин сауæнгæ бæрæгбон дæр ма æримистонцæ.

## СИЛГОЙМАГ ÆМА ÆДУЛИДЗИЙНАДÆ

... Силгоймагмæ зунд ке ес, е уотæ лæдæргæ нæй æма æдули миутæй цох æй.

Ес уæхæн æмбесонд. Силгоймаг бацудæй Хуцаумæ æма си курдта, рæсугъд æма, дан, мæ гъæладзæф искæнæ.

– Æма дæ, рæсугъд уай, е цæмæн фæндуй? – бафарста æй Хуцау.

– Цæмæй нæлгоймæгти зæрдæмæ цæуон, – дзуапп равардта силгоймаг.

– Æдули унмæ ба цæмæн бæллис?

– Цæмæй нæлгоймæгтæ мæ зæрдæмæ цæуонцæ.

– Е дин дессаг, е!

Уогæ раст æй, не ’хсæн уæхæн нæлгомæгтæ ес, гъæладзæф силгоймæгтæ æ уод, æ цæстæ кæмæн æнцæ.

Николай Гоголь финста: «Глупость составляет особенную прелесть хорошенькой женщины. По крайне мере я знал много мужей, которые были в восторге от глупости своих жен и видят в ней все признаки младенческой невинности».

Классики финститæ кæсгæй, цардæгаси хузæн дæ рази февзуруй классикон силгоймаг – хъоппæгъцæстæ, даргъ дзиккогин, къæбæда, цъухидзагæй ходагæ, гъæлагонд.

Гоголь раст зæгъуй: фулдæр хæттити гъæлагондæй сæхе равдесунцæ хуæрзуинд силгоймæгтæ. Æндаг бакастæй цаудгомау ка æй, уæхæнттæ ба еци «фарнæй», гъома, гъæлай менеугутæй æнæхай фæуунцæ. Дæ цæстити фæрци нæлгоймаги зæрдæ дæ бон балхæнун ку нæ уа, уæд æнæмæнгæ фæгъгъæуй зунд байефтиндзун.

Уæдта ма разагъди Гоголь еу гъуддаг бафеппайдта: мах, гъома, нæлгоймæгти, ибилисти æнгурæ уайсахат райахæссуй æма хенимæри фæззæгъæн: мæнæ мæ рази ци гъæладзæф, сувæллони хузæн æнæхийнæ, æназум силгоймаг ес!

Æма нæ æрфæндуй: тæходуйтæ, уæхæн æнæхийнæ, æмбаргæ силгоймаг еудадзуг мæ фарсмæ ку уайдæ – устур хуæрзти ин бацæуинæ, мæ уæлнихти æй хæссинæ!

Еци бæллецти фауйнагæй неци ес, фал нæ нæ рæузунд фæррæдуйун кæнуй. Зундгин ахургæнæги хузæн бæргæ исуæн, фал æнæнгъæлти къæппæги исмедæг уæн: «не ’нæхийнæ ахуркæнуйнаг» нин æхуæдæг зундамонгæй рагæпп ласуй.

Силгоймаги налат миутæн кæрон нæййес. Бæлвурдæй нæ гъуди кæнун, Альберт Эйнштейн æви Бернард Шоу загъта: «Есть две бесконечности – Вселенная и глупость. Впрочем, я не уверен насчет Вселенной».

Мадта, æцæгæйдæр гъæла силгоймагæн æ гæнæнтæ, æ равналæнтæ хъæбæр урух æнцæ. Æ миутæ, æ хуæрзарæхст ин рабарæн ес айдагъдæр генийи æвæллайгæ архайди хæццæ.

Нæлгоймаги зунд æма силгоймаги зундæн рабарæн нæййес. Мадта сæ гъæладзийнадæ дæр бустæги фæйнæхузи æй. Цæветтонгæ, нæлгоймаги гъæладзийнадæ æй бустæги хумæтæг, æргом, силгоймаги гъæладзийнадæ ба исхонæн ес æ зунди хецæн хузæ. Зæгъæн, силгоймаг дин æнæнгъæлæги дæ гъоси бацæргъддзæнæй:

– Ду зундгин дæ, гъай-гъай. Æз ба гъæладзæф. Æма гъæуама зундгин гъæлайæн хатир кæна.

Æма зундгин лæг еудадзуг хатир кæнун райдайуй силгоймагæн. Гъæладзæф ба зундгинæн паддзахи хузæн исуй. Гъема еугур дуйне дæр æдулидзæфти бауй.

Мадта нæ дзубандий кæрони силгоймæгтæн мæ зæрди ес æримисун немуцаг «æфсæн канцлер» Бисмарки гъуди: «Глупость – дар Божий, но не следует злоупотреблять этим даром!»

## КА КЕ РАСАЙА

Еугур бæститæбæл дæр игъустæй хабар, фæсхонхи, дан, ес уæхæн сайæгой, æма ибæл некема фæхъхъæбæрдæр æй. Еци хабар игъустонцæ иннæ сайæгойтæ дæр. Уæд еуæхæни дæснидæр сайæгойтæй еу æхе исрæвдзæ кодта, къуæрей æмгъудæн хуаллаг æ хæццæ райста æма цæунтæ райдæдта фæсхонхи гъæумæ. Цæйбæрцæ фæццудайдæ, ка ’й зонуй, æ дзабуртæ хуæнхтæбæл цæунæй бафехсудæнцæ, уотемæй тухамæлттæй бахъæрттæй сайæгойи гъæумæ.

Бустæги ку ’рбахæстæг æй, уæд ставд уаруни æртæхтæ хаун байдæдтонцæ. Нур ке бафæрса æ фусуни хæдзарæй? Кæсуй, æма дин уæлæ дони билæбæл еу æригон кизгæ дзаумæуттæ æхснуй:

– Зæгъай, хуарз кизгæ, ами сайæгойи хæдзарæ ци рауæн æй?

Кизгæ æ куст фæууагъта, фæндаггонмæ сæрæй-бунмæ æркæститæ кодта, уæдта ин дзуапп равардта:

– Ами нæй, арв æмпъозунмæ рандæй.

Фæндаггон къехæй байзадæй. Уæдта кизгæ е ’хснун фæууагъта æма имæ дзоруй:

– Деси цæмæн бацудтæ хуарз лæг, уарун нæ уинис, е арв фæцъцъасæ ’й, æма уой æмпъозунмæ рандæй.

«Гъе, гъе, – зæгъгæ, рагъуди кодта бæлццон, – сæ сувæллæнттæ уотæ дзурдарæхст кæмæн æнцæ, уонæн ма сæ сайæгой ба, цума, цæхуæн уодзæнæй!..» – æма фæстæмæ фæззилдæй.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:

**1. Космодром Плесецки уæхæн æгъдау ес, æма ракетæхæссæг космосмæ исæскъæруни агъоммæ еу сахат раздæр ибæл æнæмæнгæ ниффинсиуонцæ силгоймаги ном – е, дан, æй æ ранæхстæри рæстæг багъæуай кæндзæнæй фидбилизæй. Циуавæр ном ибæл ниффинсунцæ?**

а) Валя. б) Светæ. в) Таня.

**2. Америкаг химик Терри Л. Уильямс 1913 анзи æргъуди кодта цæстихаутæ хуарунæн сæрмагонд хуарæн. Уой дæр æ хуæрæн фæййагъаз кæнунæн, цæмæй е æ уарзони зæрдæмæ хъæбæрдæр фæццæуа. Ци сагæй æй аразта, уомæ ма ци бафтудта, цæмæй си гъæугæ хузи хуарæн рауадайдæ?**

а) Вазелин. б) Фæтæген. в) Мудадзæ.

**3. Нур дессаг некæмæбал кæсуй, силгоймаг тæхæг ку исуй, е. Мадта уæд фиццаг тæхæг ба урусаг силгоймæгтæй ка иссæй?**

а) Любовь Голанчикова. б) Маринæ Попович. в) Лидия Зверева.

**4. Аргъæуттæй зундгонд седзæр кизги (Золушки) «дзæнхъайæй конд» къахидарæс æцæгæй ба циуавæр æрмæгæй конд адтæнцæ?**

а) Хъæдавæй. б) Сагдзармæй. в) Царæй.

**5. Цитгин Октябри размæ циуавæр уæрæсейаг орденæй фулдæр хуарзæнхæгонд цудæнцæ силгоймæгтæ?**

а) Табуйаг Анни. б) Табуйаг Екатерини. в) Табуйаг Владимири.

**6. Циуавæр кинониви райгъустæй ауæхæн загъд: «Цæмæй иннæлари уосæ исуай, уой тухæй исуо лейтенанти цардæмбал, æ хæццæ еу-инсæй анзи фæррахауæ-бахауæ кæнæ гарнизонтæбæл...»?**

а) «Афицертæ». б) «Мæскуй цæстисугтæбæл не ’ууæндуй». в) «Фиццаг хатт лæгмæцуд».

**7. Номдзуд немуцаг хузæгæнæг Лукас Кранах Хестæри конд хузæ «Æцæгдзийнади цъухæй» кæд ескæд фæуууидтайтæ, уæд зæгъайтæ, ци силгоймаг си æй хузæгонд, уой цæмæй фудгин кæнунцæ?**

а) Хинттæ кæнунæй. б) Давунæй. в) Гадзирахатдзийнадæй.

**8. Номдзуд поэт Аннæ Ахматовай тухæй, «Луна в зените», зæгъгæ, биографион сериал кæд фæууидтайтæ, уæд зæгъайтæ, уоми ин æ сорæт нæ адæмон артисттæй ка исфæлгонц кодта, уой.**

а) Верæ Алентова. б) Аллæ Демидова. в) Светланæ Крючкова.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **650**. Заказ **№ 475**. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 06.03.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 06.03.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е. Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн. Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**